



THERE GROWS THE NEIGHBORHOOD

A GARDENING AND COOKING GUIDE
FROM PROJECT HOPE ART



A LITTLE BOOK
ABOUT THE MAGICAL
MORINGA TREE

INTRODUCTION

“The day that hunger is eradicated from the earth there will be the greatest spiritual explosion the world has ever known. Humanity cannot imagine the joy that will burst into the world on the day of that great revolution.”

— Federico Garcia Lorca, Spanish poet

Those of us involved with Project HOPE Art seek to inspire everyone to dream and to use art and science to create a world of wondrous beauty and abundant joy.

Imagine a place where green trees grow in great numbers and provide nutrition, medicine and clean water to those who need it most. In this place, farmers fill their gardens with fresh vegetables grown in rich, healthy soil. The people use the gifts of these trees and gardens in delicious meals prepared with love and care so that their families are healthy and satisfied. When picturing such a place, it is difficult to imagine that it might be Haiti. And those who have lived or traveled in Haiti probably know a very different place, indeed. Once a lush, fertile garden that produced a bounty of crops surpassing almost every other place on Earth, today Haiti has seen its number of trees fall to less than 2% of what was once there. The trees that have gone missing have been replaced by land that is barren and depleted. And with this depleted land has come hunger and sickness for many in Haiti.

But this is not where the story ends. There is hope! There is hope that trees will return to Haiti and that they will bring with them the



gifts of nutrition and health. There is hope that through education, knowledge and creative use of available resources, food will grow in Haiti in good soil the way that nature intended, reminding the world of the way that Haiti once provided for its people. And people might see the way that Haiti can provide for its people again.

On the pages of this book you will find information on how lives can be transformed, beginning with something as unlikely as an old tire. You will learn the story of the Moringa Tree and its amazing potential and seemingly endless uses. You will read about how food is being cultivated by some very creative people in ways that can be learned and replicated by all. You will discover that these things are already happening in Haiti and other places around the world, and learn how you can get involved. And finally, you will read children's stories about the foods they love in recipes they have shared with us, so that we all might nourish our spirits and taste the possibilities that lie ahead for a better tomorrow.

— Alex Mace, Project HOPE Art volunteer

“He who plants a tree, Plants a hope.”

— Lucy Larcom, “Plant a Tree”



Nou ki enplike avèk Pwoje HOPE Art ap cheche pou bay tout moun enspirasyon pou reve epi itilize atizay ak siyans pou kreye yon mond avèk bote enkwayab epi jwa agogo.

Imajine yon kote ki gen yon gran kantite pyebwa vèt k ap bay nitrasyon, medikaman epi dlo pwòp pou moun ki plis bezwen li. Nan kote sa, kiltivatè yo gen jaden ki chaje avèk legim k ap pouse nan tè nwa ki rich anpil. Moun nan kote sa itilize tout kado ke pyebwa ak jaden yo donnen pou prepare bon manje avèk anpil swen ak lanmou pou fanmi yo kapab byen ansante e satisfè.

Lè w panse ak kote sa a, li difisil pou imajine ke li ka petèt nan Ayiti. Epi pwobableman, moun ki konn vizite oubyen viv nan Ayiti kounyea ka konnen yon kote ki vreman diferan. Peyi ki te chaje bèl jaden rich ki te konn pwodwi yon pi gwo rekòlt manje pase tout lòt kote sou Latè a, jodia Ayiti pedi plis ke 98% pyebwa li te genyen.

Tout pyebwa sa yo kounyea replase avèk tè ki toutouni. Epi tè apòvri sa pote grangou epi maladi pou anpil moun an Ayiti. Men, istwa pa fini la. Gen espwa! Gen espwa ke pyebwa kapab tounen Ayiti epi y ap pote kado nitrasyon ak lasante. Gen espwa atravè

*“Jou grangou pa egziste
sou latè ankò ap gen pi
gwo eksplozyon spirityèl
lemond poko janm konnen.
Imanite pa ka imajine
jwa ki pral eklate sou mond la.”*

— Federico Garcia Lorca
(powèt Espanyòl)

edikasyon, konesans epi itilizasyon resous disponib nan yon fason kreyatif, Ayiti ka pwodwi anpil manje nan bon tè jan lanati vle (intended) pou fè rès lemond sonje jan Ayiti te ye. Epi petèt moun pral we kijan Ayiti kapab pwodwi ase manje pou pèp li ankò.

Nan liv sa w ap jwenn enfòmasyon sou kijan vi moun kapab transfòme, menm si w komanse avèk yon bagay senp tankou yon vye kawoutchou. Ou pral aprann istwa yon pyebwa ki rele benzoliv ak tout potansyèl mayifik ak tout itilizasyon li. Ou ap li kijan moun ap kiltive manje nan yon fason ki tre kreyatif epi ki fasil pou tout moun aprann e replike. Ou ap dekouvri ke tout bagay sa yo ap fonksyone deja an Ayiti ak lòt kote alantou lemond epi w ap aprann kijan pou patisipe. Finalman, w ap li istwa ke timoun te ekri sou manje yo plis renmen nan reset yo te pataje avèk nou, pou nou ka petèt nourri lespri nou epi goute posibilite ki rete pi devan pou yon demen miyo.

— Alex Mace (volontè avèk, Project HOPE Art)

*“Moun ki plante yon pyebwa
plante espwa.”*

— Lucy Larcom, “Plante yon Pyebwa”

GROWING GARDENS INSTRUCTIONAL GUIDE

WHAT DOES ORGANIC FARMING MEAN?

Growing fruits and vegetables without artificial chemicals, fertilizers, pesticides or herbicides. A practice of avoiding chemicals altogether in order to be gentle and natural with the earth.

WHY SHOULD I REPURPOSE AND RECYCLE ITEMS?

To reduce waste and stop contributing to the ugly practice of discarding items carelessly when there is plenty of life left in them. The earth doesn't need more trash floating in the ocean, in rivers, on the streets and in cities and towns all over. Find beauty in the old and see new ways to re-use your garbage.

SOIL



Soil is the essence of gardening. And you must take care of your dirt the same way you tend your fruits and vegetables. Soil health translates to fruit and vegetable health. You want your soil to both drain and retain moisture. You want your soil to receive healthful components found in compost, which means encouraging worms and other helpful creatures. And adding grit or fine gravel to your soil on occasion is the key to finding balance in the composition of your soil.

If your soil is very acidic, add lime. Some vegetables like acidic soil (potatoes, tomatoes, peppers, peas, beans and onions).

If your soil is very alkaline, add leafmold, peatmoss and compost. (The Brassica Family: Mustards and Greens like alkaline soil).



WHAT IS COMPOST?

It is the practice of adding in rotting vegetable and fruit matter back into the soil to amend soil texture, re-introduce nutrients and vitamins and help soil drainage. Using wood for your compost storage bin is the most helpful material because it allows your compost to stay warm (which helps it break down) and allows it to breathe and air out.

You can compost:

- all garden waste
- shredded or chopped woody material
- tea, coffee, egg shells
- newspaper, wood ash, torn cardboard, animal/human hair and straw
- avoid weeds and cooked food



Put all your compost into your bin. Stir it once a week. When your compost has broken down from heat, moisture and time, it should begin to be sweet smelling. That is when it is time to spread it out into your garden.

Vermicomposting: You can add red earth worms into your compost to help it along with the breaking down process. Worms eat your scraps and leave behind their own waste. Worm poop is also vital to soil health.

CROPS

MORINGA TREES

The Moringa tree is native to northern India, but today it is common throughout the tropical and sub-tropical regions of Asia, Africa, and Latin America.

Moringa trees grow easily from seeds or cut-

tings. They grow quickly even in poor soil and bloom 8 months after planting. Once the leaves are harvested, they should be stripped of their stems and rinsed clean. Next step is to dry them in an area away from light to prevent loss of vitamins or contamination. The leaves can be consumed fresh, cooked, or dried.

The Moringa tree, also known as the Tree of Life, is known for its highly dense nutritional content. It contains 7 times the vitamin C in oranges, 4 times the calcium in milk, 4 times the vitamin A in carrots, 2 times the protein in milk, and 3 times the potassium in bananas.

BEETS

A joy to have in the garden with their splashy colors. Very easy to grow, Beets love equally large containers and rich, light soils with lots



of sun. Start with many seeds in the ground and thin them out as necessary to give ample space to spread out and grow. In general, you can expect to harvest in 8 weeks. Simply pull them from the ground. Younger, smaller beets are juicier and more flavorful.

ONIONS

One of the most useful vegetables to have in your garden. They prefer open, sunny spots and can be planted almost any time of year, as



long as you treat their soil with compost. They can be grown from seed or small bulbs called sets. They generally take 18-42 weeks to be harvested. Allow the leaves to fall back and flop over, then gently loosen your onion from the soil. Let them ripen in the sun on the ground for a few days.

CABBAGES

A fantastic choice for pikliez, salad slaws and accompaniment for braised meats. They prefer open sites protected from wind. They do not like fresh compost, so choose a spot that was enriched with compost one or two growing seasons previous. They generally take 20-40 weeks to be harvested. Cabbages can be troublesome to grow, but if you cut them from the stem carefully you may get a second round of cabbage. Be gentle with them. Store them for weeks in cool, airy places.

BUSH BEANS

The most versatile bean for cooking, they include kidney, lima and snap. They love sunny, open spots and do particularly well in containers. They generally take 7-14 weeks for harvesting. To sow: make a trench about 2.5 cm deep, 15 cm wide and as long as you have space (60-180 cm long) and plant two rows of seeds in your trench. Weed carefully. Keep watch for mice, snails and slugs. They will steal or eat your seeds and young shoots. Once mature, your beans are safe. Pick your beans often, the more you pick, the more will grow. Old beans will become tough, so eat them young. You can always return old beans to the ground to grow new beans.

RUNNER BEANS



Another type of bush beans called Runner Beans are very easy to grow. And adore warm places. They love a sunny, open spot that has not been recently enriched with compost. They grow well in containers. No matter where you choose to grow them, make sure you have a firm stake (called a trellis or training stick) in the ground to train your beans upwards towards the sun. They



will be ready to harvest in 14-26 weeks. Pick the beans often and eat them same day or next day. This may mean you have to share your bounty with friends and family.

LETTUCES

The widest range of textures, colors, flavors and appearance. Lettuces will tolerate shade but prefer open, breezy sun spots. Moisture-retentive soils are best. You can grow them almost any time of year. They will be ready to harvest in 6-15 weeks. The same plants will go on growing new heads, providing you with an economy of space.

TOMATOES

Prepare to be amazed with the incredible flavor of a homegrown tomato. They





need sunshine and ample space to stretch out. You will undoubtedly need to provide stakes or a support system to hold the arms of the tomato plant aloft and keep tomatoes from unnecessarily rotting on the ground. Establish a watering routine to keep the fruit from splitting or bursting. They generally take 8 weeks to be ready for harvest.

CHICK PEAS

Super high in protein – this legume traces its ancestry back to the Middle East. It is one of the earliest cultivated vegetables, nearly 7,500 years old.

Mature chickpeas can be cooked and eaten cold in salads, cooked in stews, ground into a flour. Some varieties of chickpeas can even be popped and eaten like popcorn.

GID ANSÈYMAN POU GRANDI YON JADEN

POUKISA PWOJÈ HOPE ART ANKOURAJE JADINAJ KOM YON FÒM ATIZAY?

Paske atizay dwe penetrè tout sa nou fè pou fè mond la yon kote pou viv ki pi bon, pi kreyatif epi ki gen plis enspirasyon ladan l. Atizay + Syans ale men nan men. Nou bezwen toulede pou viv. Youn nourri sevo ak nanm nou. Lòt la nourri ko nou yo.

KLE ENFOMASYON JADINAJ

KISA KI AGRIKULTI ÒGANIK VLE DI?

Pwòdiksyon fwi ak legim san pwòdwi chimik (ni angre, ni ensèktisid). Sa se yon pratik pou evite pwòdwi chimik antou epi pou aji nan yon fason ki saj, dou e natirel avèk latè a.

POUKISA M DWE REITILIZE E RESIKLE BAGAY?

Pou redwi deche epi sispann kontribye nan vye pratik pou jete bagay san reflechi le gen yon pakèt posibilite ki rete. Latè a pa bezwen plis fatra ap flòte nan lanmè a, nan rivye yo, nan lari yo epi nan vil yo. Chache bote nan sa k vye epi we nouvo fason pou itilize fatra w.

TÈ

Tè se esans la pou jadinaj. Fòk ou pran swen tè a menm jan w ta pran swen fwi ak legim yo. Sante tè a tradwi nan sante fwi ak legim yo. Ou



vle pou tè a gen toulede bon drenaj ak bon imidite. Ou vle pou tè a resèwa bon noutriman ki nan konpòs la, ki pral ankouraje vè tè e lòt bèt ki bon pou vini. E pou ajoute yon ti sab oubyen gravye fen tanzantan, se enpòtan pou jwenn yon bon ekilib nan konpozisyon tè a.

Si tè a gen anpil asid, ajoute sitwon. Gen kèk legim ki renmen tè asidik (pa egzanp: pòm detè, tomat, piman, pwa e zonyon).

Si tè a tre alkalin, ajoute konpòs. (Legim nan Fanmi Brassica renmen tè ki alkalin. Pa egzanp: legim fey)..

KISA KI KONPÒS?

Se yon pratik pou ajoute fwi ak legim ki ap pouri (po manje) nan tè a pou amelyore konpozisyon, pou entwodwi noutriman ak vitamin epi pou ede avèk drenaj. Se yon bon ide pou Itilize bwa pou fè yon bwat pou estoke konpòs la paske materyèl sa ede konpòs la kenbe chalè (ki pral asiste nan dekonpozisyon) epi li ka pemèt lè a pase tou.

Ou kapab fè konpòs ak:

- tout deche jaden
- rip ou poud bwa
- cafe, te, po ze
- fey jounal, san dife, katon chire, cheve/plim moun e bèt, pay

***evite move zèb epi manje kwit

Mete tout matyè pou fè konpòs la nan gwo bwat la. Vire li youn fwa pa semen. Le konpòs la ap dekonpoze poutèt chalè, imidite epi tan, li dwe komanse gen yon sant ki dous. Se le sa ou dwe gaye li nan jaden an.

Vèmikonpòs: Ou kapab ajoute vè tè wouj nan konpòs pou asiste nan pwosès dekonpozisyon an. Vè tè yo manje rès manje sa yo epi yo kite deche pa yo nan tè a. Poupou vè tè se tou yon bon bagay pou sante tè a.

REKOT

Pyebwa Benzoliv/Doliv

Pyebwa ki rele Benzoliv se natif natal nan peyi End, men jodia w ka jwenn li alantou reyon twopikal yo an Azi, Afrik epi Amerik Latèn.

Pyebwa benzoliv yo grandi fasilman de semans oubyen le w plante moso yon branch. Yo grandi rapidman menm si tè a pa rich, epi yo fleri 8 mwa apre w plante yo.

BETRAV

Yon jwa pou gen nan jaden an avèk bèl koulè li yo. Tre fasil pou grandi, betrav yo renmen yon gwo veso avèk tè ki rich e leje epi yo renmen anpil soley.



Komanse avèk plizye semans nan tè a epi rache kèk grenn tanzantan si nesèsè pou bay yo bonjan espas pou grandi. Komanse avèk plizye semans nan tè a e apre rache kèk grenn tanzantan si nesèsè pou bay yo bonjan espas pou grandi. Nan jeneral, ou ka atann rekòlte yo an 8 semen. Senpleman, rale yo soti nan tè a. Jenn betrav piti yo gen plis dlo e yo pi gou.

ZONYON

Youn nan legim ki pi itil pou mete nan jaden w a.

Yo prefere yon plas ki ouvri avèk anpil soley. Ou kapab plante yo nenpòt tan pandan ane a si w amande tè a avèk konpòs.



Ou kapab plante grenn oubyen ti zonyon piti yo pou fè repwodikson. Nòmalmàn, yo bezwen 18-24 semen pou rekòlte. Kite fey yo tonbe poukont yo avan w dechouke yo. Kite yo nan soley oubyen nan tè a pou kèk jou pou yo ka vin mi.

CHOU

Yon bèl chwa pou fè pikliz e salad e tou pou mete nan legim avèk vyann. Yo prefere yon sit ki ouvri men ki pwoteje kont gwo van. Yo pa renmen konpòs frech, donk chwazi yon kote ki deja te gen konpòs youn ou de sezon avan. Nòmalmman, yo bezwen 20-40 semen pou rekòlte. Chou kapab difisil pou grandi, men si w koupe yo avèk anpil atansyon, plant la gen dwa pwòdwi yon dezyèm tèt. Trete yo avèk anpil swen. Ou kapab estoke yo pou plizye semen nan yon kote ki fe fre ki gen bon jan vantilasyon.

PWA TCHOUS

Pwa ki pi varye pou fè manje enkli pwa wouj, pwa tchous epi pwa tann. Yo renmen kote ki ouvri avèk anpil soley, e yo konn degaje yo tre byen nan vesò (vye kawoutchou, sak diri, elatriye). Nòmalmman, yo bezwen 7-14 semen pou rekòlte. Pou plante: fouye yon ti canal 1 1/2 pous fon, 6 pous laje epi nenpòt ki long (2-6 pye long) e plante 2 ranje grenn nan ti canal la. Fè atansyon le w ap sèkle. Veye pou ti bèt, tankou sourit e molisk (kalmason) yo. Yo pral vòlè oswa manje grenn ou ak lans jèn yo. Ou pa p bezwen enkyète le pwa yo rive nan matirite. Keyi pwa yo souvan paske plis ke w keyi, plis ki pral pouse. Pwa ki gen twòp laj vin rèd, donk manje yo le yo jenn. Ou kapab toujou itilize vye grenn yo pou plante ankò.

PWA NWA

Pwa sa yo tre fasil pou grandi epi yo renmen yon klima ki cho. Yo renmen yon kote ki ouvri avèk anpil soley epi tè ki pa twò rich avèk konpòs. Yo degaje yo tre byen nan vesò (vye kawoutchou, sak diri, elatriye). Nenpòt kote w deside plante yo, fòk w mete yon pikèt nan tè a pou pwa yo



ka monte nan direksyon soley la. Yo bezwen 14-26 semen pou rekòlte. Keyi pwa yo souvan e manje yo pandan pwochen 2 jou yo. Sa ka vle di w ap oblije pataje rekòlt la avèk fanmi e zanmi.

LÈTI

Gen yon gran varyasyon de koulè, gou e vizaj pou lèti yo. Lèti pral tolere lombraj men yo prefere kote ki ouvri avèk soley epi yon ti van. Tè a ki kenbe imidite se miyo. Ou kapab plante yo nenpòt le pandan ane a. Y ap prèt pou rekòlte nan 6-15 semen. Plant sa yo pral kontinye pwòdwi nouvo fey, ki pral pemèt w jere espas la byen..

TOMAT

Ou pral sèzi pou goute yon tomat ki sòti nan yon jaden òganik. Yo bezwen soley epi ase espas pou detire branch yo. Li esansyèl pou mete pikèt bwa ki fò pou sipòte branch yo e pou evite tomat yo pouri atè a. Etabli yon ore pou wouze plant yo pou evite fwi yo fann oubyen eksploze. Jeneralman yo bezwen 8 semen pou rekòlte.



COMPOST HAPPENS!

THERE IS NO WASTE IN NATURE.

Making compost is like making a cake but the funny thing is that in nature the cake makes itself—it just takes some time! That’s why we say “compost happens”! Natural processes break down organic material and they are returned to the soil to feed plants and continue the cycle. When humans get involved, we are following the same process but we can make it happen faster!

What you put into your compost pile will determine what you get out. Using diverse materials in a pile will give you a richer compost than if you only used dried tree leaves and banana peels, for example. As well, the best and fastest compost is made with the right ratio of ingredients.

INGREDIENTS:

- “Browns” or carbon-rich materials, like dried leaves.
- “Greens” or nitrogen-rich materials, like vegetable scraps.
- Air, all living things need oxygen to survive including the micro-organisms that do the work of composting!
- Water, these little buggers get thirsty, too!

You can think of the carbon-rich material as ‘browns’ because many of these materials are dry and dark in color (except for coffee grounds, which are nitrogen-rich—but remember coffee is only brown because humans roast the beans! Coffee beans start out green and, like all beans, they are high in nitrogen. And the nitrogen-rich materials or ‘greens’ are usually soft, and somewhat wet. But they are not always green—think of a banana or an apple core. Remember that ‘greens’ are usually food items and are typically soft and/or moist.



You should try for a volume ratio of about 3:1 browns to greens, if possible. (The reality is that all organic materials will degrade eventually, but this ratio will make your pile decompose quickly and with fewer problems).

No, really! What’s ‘brown’? And what’s ‘green’?

BROWNS	GREENS
Dried leaves	Fruit and vegetable waste
Cornstalks, corncobs	Eggshells
Shredded cardboard	Coffee grounds and teabags
Shredded newspaper	Chicken, goat and rabbit manure
Chopped twigs, sticks, tree bark	Grass clippings, garden waste
Sawdust (from untreated wood)	Seaweed (give it a good rinse to remove excess salt)
Sugar cane bagasse (easy to find in Haiti)	Wood ash (but not too much!)

How much air does my pile need? The answer is, it depends. You want air in the pile when



you build it but if you turn your pile too often, which adds air, your pile might not reach its peak temperature. Using diverse materials and somewhat chunky 'browns' will leave air pockets in your pile.

How much water does my pile need? Not too much but a good amount! If you take a handful of compost, it should feel damp, like a wrung out sponge but not drippy or soggy. Depending on the materials in your pile and your climate, you may need to add water to your pile. If the pile is too wet, add some 'browns' or carbon-rich materials to soak up some of the water. You don't need to cover your compost pile, as a general rule, but if you are expecting heavy rains, it's a good idea to cover the pile. Too much water too fast can leech the nutrients out of your pile!

Building a pile is simple and there are many ways to do it. An open pile is the simplest but it can attract pests (dogs, rats, raccoons). You can build a square bin with wood or pallets

but make sure the wood hasn't been treated with toxic materials. There are commercial compost bins but you needn't buy anything to get started. You can compost in a re-used five-gallon bucket! Just put some holes in the bottom first.

You can build a pile all at once or you can add to your pile when you have material available. Many people have strong opinions about composting but the most important thing is that you choose a system that will work for you in the time you have available. Remember, compost happens, people just speed it up.

Once you have your ingredients, the recipe is simple!

RECIPE: CHOP. LAYER. MIX.

CHOP. The more surface area on the ingredients, the faster those hungry little micro-organisms can devour them. You should tear or chop all the material to a size close to the size of your thumb (or your mom or teacher's thumb if you're a little kid).

LAYER. The best thing to do when you start is to try to layer your greens and browns. Remember you want to use three times the amount of browns as greens. On the bottom of your pile might be dried leaves or sugar cane bagasse or cardboard. Then add green, then brown, then green again. You can build a pile all at once in this fashion or you can add materials as they become available remembering the ratio.

MIX. If you have a compost thermometer, you can check your pile's temperature. If you don't have a thermometer, you can simply touch it. Getting close to your compost pile is the best way to see and understand what's happening. If you've built a good pile, it will get hot. Very hot! Too hot to touch even! All the activity of the micro-organisms doing the work makes the heat. Imagine a classroom

full of children running around the room with the windows closed—it would get hot, too! Your pile will get hot, then when the creatures have eaten all they can, they will leave your pile in search of food elsewhere. At this point your pile will cool down again. This is when you can mix or ‘turn’ your compost pile. Some people find this a chore, others really enjoy it! The point is to mix all the material around, add some air and start the process all over again. Some people don’t turn their piles and that’s fine. But they’ll wait longer for finished compost.

Depending on the type of bin you are using, you may need to empty the bin on to a tarp or the ground, and then put it back into the bin. Some systems allow you turn the pile into an adjacent bin. If you are using a commercial or homemade compost tube, you can pull the tube up and over the material. This is fun because you can really see the layers you initially built! Either way, the point is to add air, and mix the ingredients and any creatures in the pile. You also get the chance to see how the materials have changed since you added them. You’ll see some things haven’t changed much—like an avocado seed, which will take a long time to break down. And others seem to have disappeared altogether!

The best thing about compost is that it can and does happen without us! We can work hard to make rich compost quickly: using diverse materials, keeping the 3:1 brown to green ratio, checking moisture, and turning the pile. Or we can be lazy and simply throw everything in a pile and wait.

There are a ton of resources on the web and lots of science behind this amazing process but if it isn’t fun and/or easy, you won’t want to do it. So make it fun and make it as easy as you need! It will happen... with or without you!

I ♥ compost!



KONPÒS AP FÈT!

Pa gen okenn dechè nan lanati.

Pou fè konpòs se tankou fè yon gato, men bagay dwòl la se ke nan lanati, gato a fè tèt li—men li jis pran yon ti tan! Se pou sa nou di “konpòs ap fèt!” Yon pwosesis natirèl ap redwi matyè òganik epi tounen l nan tè a pou bay noutriman pou plant yo epi kontinye sik la. Lè moun enplike, nou swiv menm pwosesis la, men nou kapab fè l pi rapid!

Kisa w mete nan konpòs la ap detèmine sa w ap jwenn kòm pwodwi final la. Pou itilize matyè divès (plizyè tip de bagay) ap ba w yon konpòs ki pi rich ke si w ta itilize sèlman fey sèch oubyen po bannann, pa egzanp. Tou, pi bon konpòs la epi ki fèt pi rapid oblije gen yon bon balans de engredyan divès.



INGREDYAN

- “Mawon”: oswa matyè ki kabòn-rich, tankou fey sèch.
- “Vèt”: oswa matyè ki azòt-rich, tankou po manje / legim.
- Lè: tout bagay vivan bezwen oksijèn pou sove, enkli mikro-òganis yo ki fè travay la nan pwosesis konpòs la!
- Dlo: mikro-òganis sa yo vin swaf, tout!

Ou mèt panse a matyè kabòn-rich kòm “mawon” paske anpil nan matyè sa yo sèch epi gen koulè mawon (sòf poud kafe, ki azòt-rich—men pa bliye, kafe gen koulè mawon paske moun griye grenn yo! Grenn kafe komanse koulè vèt epi, tankou lòt pwa, yo gen anpil azòt.). Epi matyè azòt-rich, oubyen “vèt” yo nòmalman mou epi yon ti jan mouye. Men yo pa oblije genyen koulè vèt—panse a yon fig mi, oubyen yon pòm. Sonje ke “vèt”

yo anjeneral se bagay nou manje ki mou epi/oubyen imid.

Ou ta dwe eseye gen yon balans 3:1 (mawon : vèt) si posib. (Reyalite a se tout matyè òganik pral dekonpoze evantyèlman, men balans sa ap ede l dekonpoze pi rapid epi avèk mwens pwoblèm.)

Donk, vreman! Kisa ki ‘MAWON’? Epi kisa ki ‘VÈT’?

MAWON	VÈT
Fey Sèch	Po fwi/legim
Pay e bwa mayi	Po ze
Katon chire	Poud kafe epi te
Papye jounal chire	Kaka poul, kabrit, chwal e lapen
Ti moso ti branch, rip bwa	Zèb e dechè agrikòl
Poud bwa (ki pa trete)	Zèb lanmè (rense l pou retire sèl)
Bagas Kann (li jwenn fasil nan Ayiti)	San dife (men pa twòp!)

KONBYEN LÈ A KONPÒS LA BEZVEN? Repons la se, sa depann. Ou vle gen bon lè (oksjèn) nan konpòs la lè w komanse men si w vire konpòs la twò souvan (ki ajoute lè), li ka petèt pa janm rive nan yon bon tamperati cho. Si w itilize matyè ki divès epi moso “mawon” ki yon ti jan gwo ap ede kenbe oksijèn nan pil konpòs la.

KONBYEN DLO KONPÒS MWEN BEZVEN? Pa twòp, men l ap bezwen ase! Si w pran yon ti konpòs nan men w, li dwe yon ti jan mouye, tankou yon eponj ki imid. Sa depann ki matyè ki nan konpòs la ak klima k ap detèmine si w dwe ajoute dlo. Si konpòs la twò mouye, ajoute yon ti “mawon” oswa matyè ki

kabòn-riich to absòbe dlo a. Ou pa bezwen kouvri konpòs la, kòm yon règ jeneral, men si w atann yon gwo lapli, se yon bon ide pou kouvri li. Twòp dlo two vit kapab kòz noutriman yo koule sòti nan konpòs la!

Kontwi yon pil konpòs se fasil epi gen plizyè fason pou fè l. Yon pil ouve se fason ki pi senp men li ka petèt atire bèt (chen, rat, ets). Ou kapab konstwi yon bin kare avèk bwa oubyen yon palèt, men itilize bwa ki pa trete ak bagay toksik. Gen bin sa yo w ka achte men w pa ta sipoze achte anyen pou komanse. Ou ka fè konpòs nan yon vye bokit 5 galon! Sèlman mete ti twou anba nan bokit la anvan.

Ou kabap fè pil konpòs la nan yon sèl kou oubyen ou ka ajoute nan pil la chak lè w gen matyè ki disponib. Gen anpil moun ki gen opinyon fò sou konpòs men sa k pi enpòtan se pou chwazi yon sistèm ki bon pou w e ki mache avèk tan ki disponib. Sonje, konpòs rive poukont li, moun jis fèl rive pi vit.

Lè w gen tout engredyan yo, resèt la senp!

RESÈT:

1. Koupe
2. Fè kouch
3. Melanje

KOUPÉ. Plis sifas w gen sou engredyan yo, pi vit mikro-òganis yo pral manje yo. Ou twa dwe koupe oubyen chire tout materyèl nan ti moso ki menm gwose ak gwo pous w.

FÈ KOUCH. Pi bon bagay pou fè lè w komanse fè konpòs se pou fè plizyè kouch avèk 'mawon' e 'vèt' yo. Sonje ke w vle itilize twa fwa kantite 'mawon' ke 'vèt'. Kouch ki anba nèt kapab fey sèch, bagas kann oubyen moso katòn. Apre sa, ajoute vèt, lè sa mawon, apre vèt ankò, ets. Ou ka fin fè pil konpòs la nan yon sèl kou nan fason sa a, oubyen w ka ajoute plis matyèl le yon vin disponib (men pa bliye kenbe balans la).



MELANJE. Si w gen yon termomèt espèsyalman pou konpòs, w kapab veye tamperati konpòs la. Si w pa gen yon termomèt, w kapab ji manye konpòs la. Pou veye konpòs la chak jou se pi bon jan pou konprann sa k



ap pase ladan l. Si w te kontwi yon bon pil konpòs, l ap vin cho. Cho anpil! Menm twò cho pou touche l. Se tout aktivite mikro-òganis yo k ap jenere chalè a. Imajine yon sal klas nan yon lekòl ki plen ak timoun k ap

kouri toupatou andan l avèk fennèt yo femen—li ta vin cho, tou! Konpòs ap vin cho, epi lè ti mikro-òganis yo fin manje tout sa yo kapab, yo pral kite pil konpòs la pou chache manje yon lòt kote. Se nan lè sa tanperati nan pil konpòs w ap komanse desann ankò. Se lè sa w kapab melanje oubyen vire pil konpòs la. Gen moun ki panse sistem pou vire a se twòp travay, men gen lòt moun ki renmen fè l! Objektif la se pou melanje tout materyèl yo, ajoute yon ti oksijèn epi komanse pwosesis la ankò. Gen moun ki pa janm vire konpòs pa yo a, epi sa bon tou. Men yo pral oblije ret tann plis pou kon pwodwi ki fini.

Sa depann ki tip bin (bak) w ap itilize, men w ka bezwen vide konpòs atè oubyen sou yon prela, epi tounen l nan bin nan ankò. Kèk sistem pemèt w vire konpòs nan kon lòt bin ki akote l. Nenpòt fason, objektif se pou ajoute oksijèn epi melanje tout engredyan yon byen melanje. Lè sa tou, w ap gen chans pou we kijan matyè chanje depi premye jou an. Ou pral we kèk bagay ki pòke chanje menm—tankou yon grenn zaboka, ki ka pran anpil tan pou dekonpoze. Tou, w pral we lòt bagay ki prèske disparèt menm!

Pi bon bagay nan konpòs se paske li ka fèt san nou menm! Nou ka travay di pou fè yon konpòs ki tre rich e ki dekonpoze tre vit: itilize matyè divès, kenbe balans 3:1 (mawon:vèt), veye imidite, epi vire pil la. Oubyen nou kapab parese e senpleman voye tout bagay ansanm nan yon ti monn epi tann.

Gen yon pakèt resous sou entènèt epi anpil syans nan pwosesis mayifik sa, men si l pa fasil oubyen si w pa jwenn jwa ladan l, w pa p vle fè l. Donk, fè l avèk plezi epi fè l pi fasil, jan w vle. Li pral rive kamenm... avè w oubyen san w!

Mwen ♥ konpòs!



THE MAGICAL MORINGA TREE

*Where there is Malnutrition,
there can be Moringa Oleifera.*

*Where there is Polluted Water,
there can be Moringa Oleifera.*

*Where there is Soil Erosion,
there can be Moringa Oleifera.*

Malnutrition, polluted water, and soil erosion are widespread in Haiti. The Moringa Oleifera tree can be a powerful tool to combat each of these problems.

Moringa trees happen to grow and flourish in the same subtropical areas where these issues are most common, including Haiti. And because the Moringa is a softwood tree with low-quality timber, there is a lower risk of these trees being chopped down prematurely for use as lumber or fuel, as has been the fate of so many of Haiti's native trees. We hope that the following information will encourage people to plant and protect these trees instead of cutting them down.

KISA M KA METE NAN KONPÒS MWEN AN?

Wi!	Non!
Po bannann/fig	Vyann ak zo
Po ze	Lèt ak bè
Fey	Plastik
Ti branch piti	Pen
Zèb	Lwil
Papye jounal chire	Papye blanchi
Po sitwon/zoranj	Fatra
Dechè agrikòl	Kaka chen, chat ak kochon
Kaka pou/lapen	Plant ki malad
Pay/bwa mayi	Move zèb
Po pistach	Rès manje ki gen anpil grès ak sezon
Cheve ak zong	Sik ak engredyan atifisyèl
Poud kafe	Twòp sitwon/zoranj (asid)
Fey remèd/ te	Grès
Moso Katon	Bagay toksik
San dife	Bagay ki pa ka dekonpoze

Not otè a: Pou pati paj sa a, m ta renmen gen ti desen anviwon de lis bagay anle yo. Desen say o dwe rekonnè fasilman pou timoun – tankou yon po fig epi po ze.



EATING MORINGA

The easiest way to reap the greatest nutritional benefits of the Moringa tree is to simply dry the leaves, grind them into a powder, and sprinkle the powder into beverages and meals. With just a tablespoon of dried Moringa powder a day, you can greatly improve your health. Moringa leaves are packed full of disease-fighting nutrients, including vitamins A and C, calcium, potassium and easily digestible proteins. Adding nutrient-rich Moringa to daily meals can help fight malnutrition, especially among infants, small children, and nursing mothers.

Dry the Moringa leaves in the shade to preserve the nutritional content. Rub the dried leaves on a fine screen to grind, or use any type of grinder or mortar and pestle you can find. You can store your Moringa powder for months in the shade without refrigeration. The powder can be added to any common, traditional dish or beverage without negatively affecting the flavor.

HOW TO USE DIFFERENT PARTS OF THE MORINGA TREE IN THE KITCHEN

PODS: Can be boiled, steamed, fried, or roasted, and eaten just like green beans or okra.

LEAVES: Select fresh, dark green leaves. Dry and grind the leaves into a powder to add to beverages, soups, sauces, and other staples. You can also sauté or steam the fresh, whole leaves as you would any other leafy green vegetable for a healthy, simple dish. Or chop them up and use the leaves as you would use fresh herbs to add flavor to your meal.

FLOWERS AND BUDS: Can be eaten raw or fried, or steep in hot water to make a delicious, floral tea.

SEEDS: Can be roasted and eaten. Or grind and press the seeds to extract the mild, nutty oil, which can be used as a cooking oil, skin moisturizer, or for lamps or cook stoves. The seed cake leftover after pressing the oil can be used to purify water or fertilize soil - instructions can be found on the following page.

See the “Recipes” chapter for even more ideas for using Moringa in the kitchen!

CLEANING WATER WITH MORINGA

Lack of access to clean water for drinking, cooking and cleaning is an ongoing problem in Haiti. Villagers throughout the world use Moringa seeds as a flocculant to clean and purify their water. The seeds reduce visible contaminants from the water and greatly reduce bacteria, but water should still be boiled for one minute after being filtered with Moringa seeds to remove all harmful bacteria, even if it looks clean.

50-150 mg of ground Moringa seed treats one liter of water, depending on how clear the water is. The seed cake left over after extracting oil can still be used for water purification.

(Source: Trees for Life International)

HOW TO PURIFY WATER WITH MORINGA SEEDS

1. Allow the Moringa seed pods to dry naturally on the tree before harvesting them.
2. Remove the seed husks, leaving a whitish kernel.
3. Crush the seed kernels to a powder with a stone or mortar.
4. Mix the powder with a small quantity of water. Pour the mixture through a tea strainer or sieve into a cup. It's best to cover the strainer with a piece of clean cloth.
5. Add the resulting milky fluid to the water you wish to purify.
6. Stir quickly for 30 seconds, then slowly and regularly for five minutes.
7. Cover the water, do not disturb for at least an hour.
8. The clean water may be siphoned or poured off the top of the container.



STOPPING SOIL EROSION WITH MORINGA

Haiti is 98% deforested and soil erosion is a serious problem. In addition to massive deforestation, soil erosion can be caused by overgrazing and poor farming practices. In Haiti, soil erosion has left much of the land unsuitable for farming and especially vulnerable to flooding and mudslides.

Moringa trees are useful in slowing deforestation and soil erosion, protecting the land, and healing the soil. They are fast-growing, can adapt to poor soils, love sun and heat, and can survive strong winds and periods of drought thanks to their long taproot. Moringas can be planted on hillsides to help prevent erosion and mudslides. The dried pods and fallen leaves can be used as mulch, and seed cakes leftover after pressing Moringa oil can be used as a fertilizer to enrich the soil. Moringas can also be used to protect crops from heavy winds, to provide shade for crops that might be damaged by too much direct sunlight, and as live fences or supports for climbing plants such as runner beans and pole beans.



PLANTING YOUR OWN MAGICAL MORINGA TREES

With the potential to combat malnutrition, polluted water, and soil erosion, the Moringa truly is a magical tree. Enclosed with this book are two magic Moringa seeds for you to plant, so you can grow your very own Moringa trees. You can plant your seed in a sub-irrigated planter made out of an old soda bottle, and when it gets big enough, move your seedling to a coffee bag planter or recycled tire planter. Directions for how to build each of these can be found in the “Activities” chapter of this book.

MANJE BENZOLIV

Kote gen malnitrisyon:

Kapab genyen Benzoliv (Moringa Oleifera).

Kote gen dlo polye:

Kapab genyen Benzoliv.

Kote gen ewozyon:

Kapab genyen Benzoliv.

Kote pa gen ase bwa pou fè kay, kloti oubyen chabon:

Kapab genyen Benzoliv.

MANJE BENZOLIV

“Malnitrisyon se lakòz anpil soufrans imèn epi li responsab pou plis ke mwaye lanmò timoun mondyal.” (Pelletier, 1995). **[NEEDS A MORE COMPLETE CITATION]**

Senpleman seche e pile fèy Benzoliv yo. Ak yon sèl gwo kiye poud fèy doliv ou kapab amelyore lasante w paske li gen anpil pwoteyin ak vitamin ladan l. Se posib pou “grandi” pou sòti nan malnitrisyon ak pye Benzoliv la, ki renmen grandi nan menm klima ki nan peyi ki gen anpil malnitrisyon. Apre w pile fèy sech yo, w kapab stoke yo nan yon bokal nan yo kote ki fè fre pandan plizyè mwa.

Grenn: Pile e peze grenn yo pou retire yon lwil pou fè manje.

Flè ak boujon: Tranpe nan dlo cho pou fè yon te ki gou anpil ki bon pou grip.

Pwa: Kwit yo pou manje, menm jan ak pwa tann ak kalamou.

Fèy: Ou kapab manje yo tou kri kòm salad. Tou, ou ka ajoute fèy yo nan sòs, soup, diri, mayi, ets. Oubyen, w kapab seche yo epi pile yo nan yon poud pou ajoute nan nenpòt ki manje.

Itilize Lwil Benzoliv nan Kizin nan:

- Pou fè manje
- Pou ajoute nan pen ak gato
- Pou mete sou salad
- Pou fè mayonez
- Pou fri manje
- Nan sòs
- Melanje avèk epis e manje ak pen
- Pou fè pòpkòn
- Melanje ak bè e mete sou pen

- Avèk spageti
- Pou fri pwason ak lòt fwidmè
- Mete sou pitza

www.ilovemoringa.com 2012

TRETE DLO AK BENZOLIV

Yon bilyon moun nan mond lan gen aksè sèlman dlo sal epi yo ka filtre l pou sèvi. Si w sèvi ak benzoliv nan pwosesis tretman dlo, se fasil pou filtre dlo a. Ka menm, w pral bezwen chofe dlo a apre tretman dlo avèk benzoliv la.

Apre w fin peze grenn yo pou ekstrè lwil la, senpleman mete kaka grenn yo nan yon bokit dlo sal epi kite l tranpe pou yon jounen. Oswa w ka pile 4-5 grenn sech nan yon poud epi ajoute sa nan bokit dlo sal la. Kite l tranpe pou yon jounen epi bwase l tanzantan. Apre sa, vide dlo a nan yon mayo pwòp (kòm yon paswa) pou retire kras grenn yo epi bouyi dlo a.

(Nouvèl Benzoliv epi http://en.howtopedia.org/wiki/How_to_Purify_Water_with_Moringa_Seeds 2012)

REKONSTWI LATÈ A AVÈK BENZOLIV

Ayiti fin debwaze 98% epi ewozyon vin yon pwoblèm serye.

Ewozyon: tè ap sòti ale rapid akòz pa gen plant pou kenbe l.

Tè toujou retire natirèlman pa dlo ak van: ewozyon jeyolojik sa ap rive pandan 450 milyon ane, depi premye plant sou tè you te pouse. Menm anvan sa, pwosesis natirèl konn deplase wòch lach yo, menm jan sa rive sou planèt Mas. An jeneral, ewozyon jeyolojik sa retire tè a apeprè menm nivo a jan tè a ap fòme. Men ewozyon ‘akselere’ — yon pèt tè pi rapid ke l kapab fòme — se yon pwoblèm pi nouvo. Ewozyon sa se toujou rezilta de aksyon imèn, tankou twòp patiraj oubyen pratik kiltivasyon ki pa bon pou tè a. Aksyon sa yo kite tè a vilnerab e san pwoteksyon.

Apre sa, lè gen anpil lapli ak move tan, tè a vin detache, transpòte, epi plase yon lòt kote (pa fwa yon lon distans). (soilerosion.net 2012)

Kijan pyebwa Benzoliv kapab anpeche Ewozyon?

Bèt: Fèy yo vreman efikas kòm yon manje nourisan pou kochon, kabrit ak lòt bèt.

Sipò nan Jaden: Ti pyebwa yo kapab sèvi kòm yon poto pou pwa, yanm, vaniy, pwav ak lòt plant ki fè lyèn yo. Yo ka ede kase van, bay lonbraj epi konsève imidite nan jaden yo epi bay manje pou bèt. Yo tou kapab sèvi kòm yon kloti vivan epi pou kontwòle ewozyon.

Kontwòl Ewozyon: Pyebwa sa yo kapab plante sou bò mòn pou evite ewozyon ak glisman tèren. Pwa sech ak fèy ki tonbe yo kapab sèvi kòm yon bon fimye ki pral tounen yon angrè pou plant yo.

Pwoteksyon pou Rekòt: Fèy yo bay yon pwoteksyon natirèl kont chanpiyon ki touye ti plantil yo. Fèy ki tranpe nan dlo kapab ede nan kontwòl chanpiyon epi ankouraje jèminasyon ak devlopman ti plantil yo.

BWA BENZOLIV

Bwa benzoliv pa tèlman bon pou konstwi yon kay. Men bwa sa bon anpil pou fè papye. Ekòs la bon pou fè kòd epi rasin yo bon pou itilize kòm yon epis pou fè manje.

Kloti: Pyebwa sa yo ka itilize kòm yon kloti vivan oubyen koupe pou itilize pou poto kloti a. Si w kite pyebwa yo grandi pandan plizyè ane, l ka vin yon bon sous bwa pou sèvi.

Chabon ak Bwa: Pyebwa sa grandi tre rapid (li kapab rive 3-5m nan premye ane a) ki pwodwi yon bwa lejè ki ka sèvi kòm chabon pou recho. Bwa sa tou gen potansyèl pou fè skiltè men li pa ase fò pou konstwi kay.

(treesforlife.org 2012)

ACTIVITIES TO TRANSFORM TRASH INTO ART

PLASTIC BOTTLE PLANTER

Things You'll Need:

Plastic 2-liter bottle (1 liter also works)

Razor blade or scissors

Old cotton t-shirt or a piece of scrap fabric approx. 12"x1"

Single-hole punch

Newspaper

Soil

Seedling

OPTIONAL:

Duct tape and plastic lanyard or other water-proof string (if hanging planter)

Fine-grade sandpaper and acrylic paint, or paint formulated for use on plastic (if painting planter)

INSTRUCTIONS:

